


MELATIH INGATAN JUMBO BERHADIAH



PERTANYAAN MI JUMBO BERHADIAH NO 1082

MENDATAR : 1.Bagian dari kacamata. 6.Tiras. 9.Garis pemisah. 11.Hubungan. 14.Seluruh. 18.Lawan : pesimis. 21.Kelautan. 22.sebutan untuk besar. 23.Persamaan. 24.bagian dari mata. 28.Diulang : dasar aturan. 31.Kroni. 34.Dibalik : bahan. 38.Sebentar. 41.Keadaan sesuatu. 42.Kode. 43.canda. 46.Telungkup. 50.Bersifat khayal. 53.bersifat pengabdian. 54.persis. 55.Ketat.

MENURUN : 2.Diri sendiri. 3.babak dalam bulutangkis. 4.Patuh. 5.Dibalik: Markas komando (Singk). 7.Tempat tanaman bunga. 8.Bambu. 9.Plat nomor kendaraan Bali. 10.Dia. 11.Bilik. 12.Bubuk arang obat sakit perut. 13.Alu. 15.Tas khas Papua. 16.Kumpulan ralat dan pembetulan. 17.Manusia. 18.nenek. 19.Sakit (Ing). 20.Dewi padi. 25.Pulau di Indonesia Timur. 26.Yang dipelajari di sekolah. 27.Sangga. 28.Akar membesar. 29.Tanggal (Ing). 30.Pulau. 31.salah jalan. 32.Yang diberi mandat. 33.Mahkota susun tiga. 35.Berlebihan dalam mengeluarkan uang. 36.Bocor. 37.corak. 38.Wadah semen. 39.Zaman. 40.Uji. 44.Layak. 45.Alat melukis. 47.Tak kosong. 48.Radio publik kita. 49.Perusahaan Daerah (Singk). 50.Jika (Ing). 51.Guna (Ing). 52.Gagasan.

KETENTUAN MENEBAK MIJ

- Jawaban ditulis di kartupos, tempeli Kupon MI Jumbo 1082
- Paling lambat diterima 2 minggu setelah pemuatan.
- Akan dipilih 2 pemenang, masing-masing Rp 50.000,-

JAWABAN MI JUMBO 1079

MENDATAR : 1.Citra. 6.Antri. 9.Pelestari. 11.Cerdas. 14.Santap. 18.Spesial. 21.Meterai. 22.Anomali. 23.Rangkak. 24.Sangka. 28.Sahara. 31.Lemari. 34.Apatis. 38.Injeksi. 41.Dominan. 42.Laksana. 43.Komunal. 46.Maksud. 50.Pangsa. 53.Astronaut. 54.Sigap. 55.Topik.

MENURUN : 2.Ide. 3.Red. 4.Lele. 5.Inti. 7.Non. 8.Ria. 9.Ps. 10.Iis. 11.Cemas. 12.Rutan. 13.Abrak. 15.Aroma. 16.Tiara. 17.Prima. 18.Sir. 19.Sag. 20.Lak. 25.Acne. 26.Gaya. 27.Arti. 28.Sama. 29.Hela. 30.Roti. 31.Ladam. 32.Mimik. 33.Rancu. 35.Paksa. 36.Tuang. 37.Suara. 38.Ink. 39.Eru. 40.Ill. 44.Mari. 45.Nona. 47.Adi. 48.Sua. 49.Da. 50.PT. 51.Neo. 52.Sri.

PEMENANG MI JUMBO 1079
1. RB Dhanurdono RT 1, Karanggede, Pendowoharjo, Jl Bantul KM 9,5, Bantul.
2. Sarjilah, Petinggen Tr II/1261, Rt 28/07, Yogyakarta 55241. □f

KUPON MIJ 1082

MEKAR SARI

Anggone mangun mesjid ukuran 20 m x 16 m, asal tanah wakafe Mbah Tarmizi kurang porselin teras lor kidul tumekane dalam tumuju papan wudu lan toilet. Mas Amir jejer seksi pembangunan wis milih motip lan warna slaras porselin njero mesjid, putih motip garis marmer ukuran 30 x 30 cm. Porselin keramik granit sing ora lunyu yen ketampom udan lan cocok kanggo toilet apadene papan wudu. Digawe beda karo njero mesjid awit mester dalan tumuju lan njero jedhing kudu sing peret amrih uwong ora keplese.

Sengkuni, seksi Kebersihan, rerasanan karo Pak Badri minangka takmir masjid, jare porselin pilihane Amir ora cocog yen disambungne karo porselin njero mesjid.

"Apike ya warna sing beda. Ireng motip abstrak, merga neng teras kuwi akeh bledug. Yen telat anggone nyaponi ora ketara reged."

Pak Badri manthuk-manthuk ampang.

Ujare Sengkuni maneh, "Dideleng saka segi artistik lan spiritual kudune panceran warna beda. Mas Amir ora ngerti segi relijisitas. Tandang gawe dhasare mung cepet dadi. Mesjid kuwi dienggo selawase. Mbesuke sing ngrasakne ya anak putu. Iya ta, Pak?"

Embah kanthi dhasar apa kok njur Pak Badri ngubyugi panemune si Sengkuni. Jare Sengkuni yen Badri bisa ngowahi kekarepane Amir panceran takmir sing wicaksana lan jempolan. Mosok ketua takmir kok dikalahake seksi pembangunan. Mesthi wae Badri rumangsa oleh angin seger, tansaya gedhe endhase. Dhasar È Badri wong seneng diung, dialembana kamangka mung kakehan ukara tanpa kerja. Sengkuni sing panceran

Sengkuni

Cerkak: Narko Sodrun Budiman



ILUSTRASI JOS

sakawit ora sapanemu karo kinerjane Amir mula panggah nyemoni Amir, tukang batu, lan kuline.

Porselin granit merk Milano cacahe 150 m pesenan Mas Amir sing wis teka lan ditumpuk neng njero mesjid kepeksa diusung mbalik nyang toko wanguan Tegel Indah. Dijolake warna ireng motip marmer abstrak kanthi ukuran padha dening Badri lan Sengkuni. Mesthi wae Amir rada murina bisane mung wadul marang Cahyo kancane tukang batu sing kulina pasang porselin.

Porselin rupa ireng wis diterine karyawan toko kanthi masraha ke nota pengiriman barang ditampa Amir lan Cahyo sing wektu kuwi neng mesjid. Amir takon karyawan

yen motip ngene iki regane pi-ra permeter-pesegine. Pranyata regane luwih murah, sangisore porselin granit motip marmer putih merk Milano.

Mas Amir meneng wae. Ing batin rada nggresula, kok malah golek rega sangisore ateges mutun È ya endhek. Iki mesthi akal-akalane Sengkuni. Porselin teras nganti dalan tumuju toilet lan papan wudu wis dipasang dening Cahyo lan Danu kuline.

Wayah udan grimis ing dina kapitu sabubare porselin kuwi dipasang, panceran ketara yen ana sing beda. Disawang saka ngarep lan iring mesjid bisa mbedakake porselin teras lan njero masjid. Istilahe Sengkuni warna kontras yang penuh artistik. Sengkuni marem. Mesam-mesem sing gawe lara

atine Amir.

Sewulan sawise porselin ireng motip abstrak dipasang wis ana wong lanang loro sing tiba klumah. Dene neng papane wudu wadon wis nibakne wong siji, Bu Tarmizi sing makafne lemahe kanggo mesjid. Kabeh gara-garane kepelesa mergera teras mau ketamppon banyu udan sing deres. Mutu porselin kelas endhek lan murah.

Meruhi ngono kuwi neng saperangan jemaah, Sengkuni gembreneng mado Pak Badri sing ndadak ngowahi porselin. Apik-apik porselin pilihane Amir kok dioper ganti. Sengkuni ganti mbala Amir.

Ngalembana ngene,"Amir panceran tukang batu sing jempolan sing ngerti theg-kliwere wanguan. Dhasare Amir panceran wis pengalaman mbangun proyek masjid ing sakehing panggonan."

Ngarepake solat Dhuhur, Sengkuni segleng-segleng mlaku tumuju mlebu jedhing saperlu pipis sadurunge wudu. Sanajan pawakan Sengkuni nanging yen kebelet pipis lakune dadi Dursasana, gasgasan. Dene yen wis metu saka jedhing lakune persis Janaka utawa Nyengkuni maneh. Awan kuwi Sengkuni ketara asline. Marem krasa entheng sawise bebuwang banyu sing kawit mau diimpet. Blong! Entheng!

Kersane Allah, pawongan cilik methisil kuwi keplets porselin pener ngarep lawang jedhing, sametune jedhing. Porselin kramik ngarep lawang panceran lunyu krana kecipratan banyu lan katut digawa sikile pawongan sing mentas wisuh. Sengkuni tiba klumah, nggeblag. Sirahe mburi natap porselin. Semaput. Asile ronsen Rumah Sakit dr Iskak, tulang pinggul-e mlese lan gejala gegar otak.* Cuthel

Geguritan

Turiyo Ragilputra

LIWAT PASAR TUMENGGUNGAN

liwat pasar tumenggungan kalane udan kaya gumrojog crita kedaden kawuri bibi-bibi nggendhong rinjing isi dagangan tempe gula jawa kacang janganan beras tela mbako woh-wohan mlaku kethelak-kethelik mecaki dalam golek bebaten sakethip rong kethip kanggo lantaran mengkonci urip

pasar tumenggungan dinane iki uga katut iline modernisasi maneka dagangan didhasarake ora mung bahan papan sadhang lan pangan nanging uga kawicaksanan lan tanda tangan

pasar tumenggungan pasar warisan papan kawula golek panguripan lilakna bibi-bibi ceceker pangupa jiwa nyoba adu nasib ing satengahe kutha

liwat pasar tumenggungan kalane udan kaya dumeling tembung sing kudu dieling pasar tumenggungan seksi owah gingsire jaman senajan dadi papan dol-tinuku sandhang pangan pasar tumenggungan aja dadi barang dagangan

Ambal Kebumen, Maret 2025

ALUN-ALUN KUTHA

nyawang alun-alun kutha sawetane mesjid kauman sakidule pendhapa gumawang sesawangan ngeram-erami para kawula manggul pacul lelawaran ngemonah tegal sawah balung iga pating pendhukul ngliga crita sanepane wong urip ngekep cintraka dadi rinasa ngiris ati alun-alun kutha dipacaki kareben ayu nganggo pupur akehe mapethi-pethi

bokmenawa panceran kudu nglenggana pepenginan urip murwat luwung dienabake sagegem gegebengan diwurungake timbang disengguh neka-neka dianggep kawula nyabar pletik duraka

nyawang alun-alun kutha sesawangan ngeglia kasat mata ironing gumelare sendratari kauripan sewu ambengan kanggo bancakan para paraga sing bisa gawe layang sekti etung-etungan tuna bathi tinemu keru

alun-alun kutha dadi seksi wewujudan prakosa sisih kidul dununge lungguh dhampar lumantan legine janji-janji

Ambal Kebumen, Maret 2025